


REZIME KLAS #2: ANATOMI AK FONKSYON GLANN MAMÈ A

1. Li enpòtan pou nou konprann anatomi (estrikti) ak fizyoloji (fonksyonman) glann mamè a, paske konsa n'ap kapab prevni ak jere pwoblèm alètman yo, apre nou fin konprann sa nou bezwen pou yon bon jan pwodiksyon lèt manman.

2. Tete a se yon ògàn ki sitiye nan pwatrin nan, se tout bagay nou kapab wè depi deyò. Li sitiye nan toraks la ki fòm ak yon bwat zo.

Gwosè tete a depann de kantite grès ki antoure glann nan, men li pa gen pou wè ak kapasite li pou l pwodwi lèt. Gen anpil fòm, gwosè ak koulè tete, TOUT NÒMAL, epi **yo tout kapab pwodwi lèt**.

3. Sou po tete a nou ka wè:




4. Glann Montgomery yo pwodwi sekresyon ki mouye e pwoteje areyòl la ak pwent tete a kont jenfeksyon. Yo Jenere tou yon odè karakteristik ki sanble anpil ak likid amnyotik.

5. Glann mamè se kote lèt la pwodwi. Li andedan tisi grès ki koubri toraks la:

Glann mamè a

✓ **Alveyol** ki pwodwi lèt

✓ **Kanal** ki transpòte lèt la




6. Devlopman glann mamè a fèt depi nou nan vant manman nou. Li komanse aktive pou pwodwi lèt nan adolesans, epi kontinye chanje chak fwa nou gen règ.

7. Chanjman ki fèt pandan gwosès la kòmanse vizib depi 5 a 8 semèn gwosès (apeprè yon mwa edmi).

Nan premye mwatye gwosès la nouvo alveyòl ak kanal yo fèt pou pwodwi lèt.

Nan dezyèm mwatye a pwodiksyon lèt kòmanse pou l kapab pare lè tibebe a fèt. Tete yo parèt pi anfle epi po a vin pi soup ak pi cho. Areyòl la vin pi gwo ak pi fonse. Pwent tete a vin pi sansib epi li ka gen ti lèt kap koule.



8. Pa gen yon move kalite lèt manman: **Lèt manman an toujou bon kalite** epi l ap toujou nourri ti bebe nou yo, menm lè nou malad.

Gen twa etap nan pwodiksyon lèt manman an:

-**Kolostwom**: premye 3 a 4 jou, pa koule anpil, gen yon koulè jòn. Li gen eleman ki ede pwoteje tibebe a kont anpil malady.

-**Lèt tranzisyon**: jiska 15 jou apre akouchman.

-**Lèt matirite**: parèt pi blan, bay yon pi gran kantite. Li kontinye pwodui tout tan manman an bay tete.

9. Genyen 4 aksyon ki prensipal lè nou ap akonpaye yon fanm ki bay tete ak ankouraje pwodiksyon lèt, ki rele **4 pote pou yon alètman ak siksè**:

1. Kontak imedyà po a po ki pwolonje apre nesans (omwen 30 minit),
2. Kòmanse bay tete nan premye èdtan lavi a,
3. Bay tete a byen e souvan,
4. Toujou rete ansanm ak tibebe nou an

10. Lèt la pwodwi dapre òf ak demann: plis tibebe a bwè lèt, se plis manman an pwodwi lèt. Sa fèt gras a òmòn yo, tankou

Prolaktin: li aktive lè bebe a tete. Li fè alveyòl yo pwodwi lèt, se tankou chabon ki fè yo mache.

Oksitosin: li pèmèt lèt la soti nan tete a. li prezan tou nan akouchman ak kontraksyon nan matris la

FIL: lèt ki anndan tete a gen Faktè Anpesi Laktasyon an, ki lakòz kantite lèt la bese lè tibebe a tete mwens.